**दिन–बुधवार** **दिनांक–08.10.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग बिहार मे शिकायत सभक त्वरित आ एक सय मिनटक भीतर समाधान सुनिश्चित करबाक लेल आठ सय चौबीस उड़न दस्ता तैनात कयलक अछि। संगहि एक शिकायत निगरानी प्रणाली सेहो स्थापित कयल गेल अछि। एहि मे एक कॉल सेंटर नंबर**–एक नओ पांच शून्य** सेहो शामिल अछि। एहि नंबर पर आम जनता या राजनीतिक दल अपन शिकायत दर्ज करा सकैत छथि। आयोग बिहार चुनावक लेल आदर्श आचार संहिता केर सख्त क्रियान्वयन केर निर्देश जारी कयलक अछि। आयोग सरकारी, सार्वजनिक आ निजी संपत्ति सँ कोनो राजनीतिक दल द्वारा सरकारी वाहन वा सरकारी आवासक दुरूपयोग आ कोनो प्रकारक विरूपण सामग्री हटयबाक निर्देश देलक अछि। निर्वाचन आयोग चुनाव संचालन सँ जुड़ल सभ अधिकारी आ कर्मचारी लोकनिक स्थानांतरण पर सेहो रोक लगा देलक अछि। ध्यातव्य अछि जे दू सय तैंतालीस सदस्य केर बिहार विधानसभाक लेल चुनाव छओ आ एगारह नवंबर के दू चरण मे होयत। मतगणना चौदह नवंबर के होयत।

---

आयकर विभाग विधानसभा चुनावक दरमियान कालाधन केर प्रवाह आ उपयोग पर निगरानी रखबा आ ओकरा रोकबाक लेल एक नियंत्रण कक्षक स्थापना कयलक अछि। ई नियंत्रण कक्ष चुनाव प्रक्रिया पूरा होयबा धरि चौबीसो घंटा सातो दिन काज करत। एहि नियंत्रण कक्ष केर हेल्पलाइन नम्बर अछि – **एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पांच छओ दू एक तीन**। वाट्सएप नम्बर अछि– **सात सात तीन नओ शून्य सात छओ छओ छओ नओ**। लोक एहि नम्बर पर कालाधन सँ जुड़ल शिकायत या सूचना साझा कऽ सकैत छथि। एकरा अलावा ई–मेल आईडी– बिहार डॉट नोडल डॉट इलेक्शन एट द रेट इनकम टैक्स डॉट जीओवी डॉट इन पर सेहो सूचना साझा कयल जा सकैत अछि।

---

भारतीय जनता पार्टीक चुनाव समिति केर आइ पटना मे एक महत्त्वपूर्ण बैसक भेल। बैसक मे पार्टीक चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान, सह चुनाव प्रभारी केशव प्रसाद मौर्य, प्रदेश

अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत कतेको वरिष्ठ नेता शामिल छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि जे बैसक मे भाजपा कोटाक सीट आ प्रत्याशी लोकनिक चयन के लऽकऽ गहन विचार–विमर्श कयल गेल।

————————————————————————

एनडीए केर घटक दल सभक बीच सीटक बंटवारा के लऽकऽ लगातार गपशप चलि रहल अछि। हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चाक संरक्षक आ केंदीय मंत्री जीतन राम मांझी कहलनि जे जँ हुनका पंद्रह सीट नहि भेटैत अछि तऽ हुनक पार्टी एनडीए मे रहैत चुनाव नहि लड़त। दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री मांझी कहलनि जे ओ पार्टी के मान्यता दिएबाक लेल पंद्रह सीटक मांग कऽ रहल छथि। पछिला विधानसभा चुनाव मे हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा एनडीए केर बैनरक नीचां सात सीट पर चुनाव लड़ल छल आ पार्टी के चारि सीट पर जीत भेटल छल।

————————————————————————

एहि बीच, लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास केर अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलक अछि जे जा धरि एनडीए मे सीटक बंटवारा पर अंतिम रूप सँ कोनो निर्णय नहि भऽ जायत अछि ता धरि ओ एहि मामिला पर कोनो प्रतिक्रिया नहि देताह। आइ खगड़िया मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे सही समय पर सही निर्णय लेल जायत। ध्यातव्य अछि जे पछिला विधानसभा चुनाव मे लोक जनशक्ति पार्टी असगरे एक सय चौंतीस सीट पर चुनाव लड़ल छल। एहि मे पार्टी के मात्र एक सीट पर जीत भेटल छल।

————————————————————————

एम्हर, जदयू महत्त्वपूर्ण बैसक पार्टी अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आवास पर आयोजित कयल गेल। बैसक मे पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, वरिष्ठ नेता ललन सिंह आ नेता विजय कुमार चौधरी समेत कतेको आन नेता मौजूद छलाह। एहि बैसक मे जदयू कोटाक सीट आ उम्मीदवार लोकनिक चयन पर मुख्य रूप सँ विचार–विमर्श कयल गेल। काल्हि सेहो नीतीश कुमार अपन आवास पर पार्टीक नेता लोकनिक संग एक बैसक कयने छलाह।

————————————————————————

एहि बीच, महागठबंधन मे सेहो सीटक बंटवारा के लऽकऽ एखन धरि अंतिम रूप सँ सहमति नहि बनल अछि। राजदक वरिष्ठ नेता आ महागठबंधन केर समन्वयक तेजस्वी प्रसाद

यादव आइ पटना मे सीट शेयरिंग फार्मूला पर पत्रकारक एक सवाल पर चुपी साधि लेलनि। विकासशील इंसान पार्टी केर प्रमुख मुकेश सहनी कहलनि जे महागठबंधन मे सभ किछु लगभग तय भऽ गेल अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक केन्द्रीय चुनाव समिति केर आइ नव दिल्ली मे बैसक भेल। एहि बैसक मे कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे, बिहार स्क्रीनिंग कमिटी केर चेयरमैन अजय माकन, बिहार प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आ पार्टीक बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू समेत कतेको वरिष्ठ नेता शामिल छलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार बैसक मे पचीस ओहि सीट सभ पर प्रत्याशी लोकनिक चयन के लऽकऽ विचार—विमर्श कयल गेल, जे कांग्रेसक खाता मे आबयवला अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।